



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AVÈTI MOUN NEW YORK YO SOU ANAK POTANSYÈL YO AK PWOMÈS RANBOUSMAN ENPO KI EKSESIF YO PLISKE SEZON APLIKASYON YO AP OUVRI

Depatman Fiskalite Eta New York lan ap Asiste Kontribiyab ki Kalifye yo ak Opsyon Aplikasyon Elektwonik Ki Gratis yo epi nan Lokal Ki Gen Gwo Nesesite yo Atravè Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te avèti jodi a kontribiyab New York yo sou taktik ke kèk preparatè fiskal ki san eskripil yo pral itilize pou eksplwate plis nan lajan ke yo te redi fè, kounye a ke sezon aplikasyon enpo revni pèsonal la ap vanse. Konsomatè yo ta dwe vijilan sou preparatè ki ap ofri “ranbousman imedya” oswa “san depans alavans” pou preparasyon fiskal yo. Pou kapab evite anak potansyèl, Depatman Fiskalite Eta New York (New York State Tax Department) lan te ouvri espas asistans fiskal gratis yo, ki ap ede kontribiyab ki kalifye yo ak opsyon aplikasyon elektwonik gratis yo sou entènèt, epi nan divès lokal ki gen gwo nesesite atravè eta a.

“Mwen egzòte tou moun New York yo pou yo pran anpil prekasyon ak vijilans sou pwomès ki fèt pa preparatè fiskal malonèt yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Anpil nan òf ‘twò bon pou yo reyèl’ sa yo se jis sa yo ye, maske depans ki ogmante yo epi kache montan frè ki pa pral fè anyen pou akselere deklarasyon ou an.”

Fè atansyon si ou ap anboche yon preparatè fiskal. Anvan ou anboche yon preparatè fiskal, ou ta dwe asire ou ke li anrejistre nan IRS ak nan Eta New York. Ou ta dwe revize tou yon lis montan frè yo, epi asire ke preparatè a pral siyen deklarasyon ou an. Pa anboche yon preparatè fiskal ki mande ou siyen yon deklarasyon bankè, epi rete vijilan sou gwo to enterè yo si yo ofri ou yon prè alavans pou ranbousman ou an.

Ou kapab wè anba la kèk egzanp taktik ki itilize pa kèk preparatè fiskal malonèt yo:

Chèk antisipasyon ranbousman yo oswa “transfè ranbousman yo” ki enplike itilizasyon kont bankè tanporè ki etabli pa preparatè fiskal yo pou resevwa ranbousman enpo yo ke yo dwe kliyan yo. Sa ap pèmèt kliyan yo peye sèvis preparasyon fiskal yo nan kòb ranbousman yo. Yon fwa ke yo dedwi montan frè preparatè fiskal yo nan ranbousman federal ak Eta New York lan, y’ap depoze apre sa kòb ki rete a nan yon kont bankè ke preparatè a kreye oswa sou yon kat prepeye.

Prè antisipasyon ranbousman yo oswa “avans yo” se prè kont ranbousman kontribiyab yo ki kapab rive ak depans ak montan frè adisyonèl yo.

Espas Asistans Fiskal Gratis yo

Depatman Fiskalite Eta New York lan te ouvri espas asistans fiskal gratis atravè Eta New York pou ede kontribiyab ki kalifye yo aplike yon fason elektwonik pou enpo revni yo epi reklame kredi presye yo. Ekspè nan Depatman Fiskalite an yo pral disponib pou asiste moun New York ki gen revni fèb ak revni mwayen yo atravè pwosesis aplikasyon an gratis. Yon orè ki gen dat, tan, ak lokal yo disponib sou entènèt nan www.tax.ny.gov/fsa.

Kontribiyab ki gen revni familyal brit 66,000 dola ki ajiste yo oswa mwens ke sa an 2017, yo kapab itilize pwogram enfòmatrik gratis ki fasil pou itilize nan espas sa yo pou kapab prepare yon fason elektwonik epi ranpli yon fason elektwonik alafwa deklarasyon fiskal eta ak federal yo. Ekspè nan Depatman Fiskalite an yo ak kapab tou, nan kèk lokalite, asiste kontribiyab yo nan divès langaj, ki enkli Arab, Bengali, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Japonè, Koreyen, Ris, Panyòl, ak Oudou.

Kontribiyab ki gen revni familyal brit 66,000 dola ki ajiste yo oswa mwens ke sa yo ki pa ka ale nan yon aktivite ranplisaj gratis, yo ka jwenn aksè a pwogram enfòmatrik gratis nan www.tax.ny.gov pou ranpli yon fason elektwonik alafwa deklarasyon fiskal eta ak federal yo gratis (chèche: freefile2017). Pwogram enfòmatrik pou preparasyon fiskal lan li ap ede redwi erè nan ranplisaj yo ki kapab retade pwosesis deklarasyon an ak ranbousman yo. Li anpeche tou ke yo neglije kredi presye yo.

Aplikasyon elektwonik yo pi sekirize epi pi efikas ke si ou voye deklarasyon papyè yo atravè lapòs. Anviwon 92 pousan nan tout deklarasyon fiskal revni pèsònèl yo nan New York yo ranpli epi prepare yon fason elektwonik. Tout deklarasyon yo, kit yo ranpli yo yon fason elektwonik oswa sou papyè, yo ap pase anba menm revizyon sistematik lan.

Konsèy pou kapab Evite Anak Fiskal yo

Pa kite yo twonpe ou ak apèl telefonik menasan yo. Vòlè ki konn fè tèt yo pase pou ajan IRS yo itilize taktik ak gwo presyon yo pou eksplwate kontribiyab yo. Sèlman bay moun ou fè konfyans yo enfòmasyon pèsònèl ou yo, ki enkli nimewo sekirite sosyal ou. Sonje, Depatman Fiskalite Eta New York lan ak IRS pral toujou voye yon lèt bay ou anvan yo kontakte ou pa telefòn oswa pa imèl.

Pòte atansyon sou imèl twonpè yo Kontribiyab yo ap resevwa imèl ki gen logo IRS lan ki ap ofri asistans nan rezoud fo pwoblèm fiskal yo. Depatman Fiskalite Eta New York ak IRS pap **janm** mande enfòmasyon pèsònèl oswa finansye pa imèl.

Evite vòl idantite. Deklarasyon enpo ou an gen ladan yon abondans enfòmasyon pèsònèl, ki enkli nimewo sekirite sosyal ou an. Pou anpeche ke enfòmasyon enpòtan sa konpwomèt, bay li sèlman a yon moun ki prepare taks ke ou fè konfyans epi regilyèman kontwole kont labank ou pou aktivite sispèk.

Kesyone reklamasyon ranbousman eksestif yo. Pòte atansyon sou si preparatè fiskal ou an ap ofri ou yon ranbousman eksestif, espesyalman si li poko menm gade enfòmasyon ou yo. Ou ta dwe tou vijilan lè w'ap peye montan frè ki baze sou yon pousantaj ranbousman an.

Konnen Dwa Ou

Malgre opsyon gratis ki disponib yo, anviwon 70 pousan nan tout kontribiyab New York yo toujou deside itilize yon preparatè fiskal ki peye. Si ou deside anboche yon preparatè:

Li karaktè ki ekri tou piti yo. Asire ou ke ou konprann jan ou pral resevwa ranbousman ou an, ki enkli enfòmasyon kont bankè yo.

Mande yon divilgasyon alekri. Preparatè yo gen obligasyon devan lalwa pou bay yon deklarasyon divilgasyon alekri ki ap eksplike ke ou pa gen egzijans pou pran yon chèk antisipasyon ranbousman oswa prè antisipasyon ranbousman pou resevwa ranbousman ou an. Yo dwe divilge tou kantite lajan pou montan frè yo ke ou pral gen pou peye.

Mande yon orè pou montan frè. Li ta dwe klèman mansyone tout montan frè preparasyon enpo ak pati tyè yo. Pa egzanp, kèk ranbousman montan frè transfè yo prèske 45 dola an plis de depans anbochaj yon preparatè. Epi tou, devan lalwa, preparatè yo pa kapab faktire pou aplikasyon elektwonik nan Eta New York. Yo kapab etikete montan frè ki kache yo kòm:

- Montan frè pou preparasyon dokiman;
- Montan frè pou transmisyon;
- Montan frè pou dekesman;
- Montan frè pou biwo sèvis;
- Montan frè pou pwogram enfòmasyon;
- Montan frè pou teknoloji;
- Montan frè pou estokaj enfòmasyon ak dokiman.

Fè yo depoze ranbousman ou an yon fason elektwonik nan kont bankè ou an. Yo pa ta dwe janm depoze yon ranbousman nan yon kont bankè preparatè. Fason ki pi sekirize pou resevwa nenpòt ranbousman se fè yo depoze li dirèkteman nan kont bankè ou.

Pòte atansyon sou kat prepeye oswa kat kado yo. Kèk preparatè ap ofri mete tout oswa kèk pati nan ranbousman ou an sou yon kat prepeye. Mande yon lis tout frè ki asosye ak itilizasyon kat lan.

Jwenn yon kopi deklarasyon enpo ou yo. Revize enfòmasyon ki nan deklarasyon ou an epi poze kesyon anvan ou ranpli li. Ou legalman responsab pou sa ki rapòte nan deklarasyon ou an.

Delege pa Enterim Enpo ak Finans la (Taxation and Finance), Nonie Manion, te deklare, “Mesaj mwen pou sezon aplikasyon sa li senp: tire avantaj de opsyon

aplikasyon elektwonik ki gratis epi fasil pou moun itilize ki disponib sou entènèt yo nan www.tax.ny.gov oswa nan lokalite nou yo Ki Fasilite epi Asiste Tèt yo ki atravè eta yo. Si ou deside anboche yon preparatè, tanpri fè travay pa ou epi [konnen dwa ou yo](#) pou pwoteje lajan ke ou te redi fè yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418